

**DEMANN VOLONTÈ POU ADMISYON NAN PWÒGRAM  
IJANS SIKYATRIK KONPLÈ (COMPREHENSIVE  
PSYCHIATRIC EMERGENCY PROGRAM - CPEP)**

**I. KONDISYON POU ADMISYON VOLONTÈ**

**A. APLIKASYON**

Pou admisyon nan yon program CPEP sou baz volontè, yon moun ki gen plis pase 18 an oswa ki poko gen 18 an epi ki pa konsidere tankou moun minè dapre seksyon 33.21 Lwa sou Ijyèn Mantal la, dwe fè yon aplikasyon alekri volontèman pou jwenn admisyon. Si moun nan gen mwens pase 18 an, youn nan moun sa yo dwe fè yon aplikasyon alekri pou li pou admisyon:

- paran, gadyen legal, oswa fanmi ki pi pre a;
- yon ofisyèl Sèvis Sosyal oswa yon ajans otorize ki gen gad legal sou moun lan dapre Lwa sou Sèvis Sosyal la, dapre kondisyon nenpòt òdonans tribinal oswa nenpòt enstriman egzekite dapre Seksyon 384-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal la;
- Direktè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk (OCFS) la k ap ajè an akò avèk Seksyon 509 nan Lwa Egzekitif la;
- yon moun oswa yon reprezantan otorize nan yon antite ki gen gad sou moun nan dapre Seksyon 756 oswa Seksyon 1055 nan Lwa sou Tribinal pou Fanmi.

Si moun konsidere kòm minè dapre lwa MHL 33.21 an, direktè lopital la ka dapre diskresyon li admèt moun lan swa kòm yon pasyan volontè avèk aplikasyon li an oswa avèk aplikasyon nenpòt moun ki otorize fè aplikasyon pou admisyon pou li. Kritè pou minè ki prezante pou swen nan CPEP san konsantman gadyen legal yo dekri anba a nan Pati B a. Kritè pou minè ki prezante pou swen nan yon kabann EOB yo dekri anba a nan Pati C.

Fòm sa a ka ranpli epi siyen elektwonikman, dapre Lwa sou Siyati ak Dosye Elektwonik yo, menm atravè dosye sante elektwonik yon founisè swen sante. Founisè yo dwe asire ke fòm yo ka enprime ak/oswa delivre nan fòm apwouve a bay pasyan an, gadyen legal pasyan an, ak Sèvis Legal Ijyèn Mantal la, ansanm ak lòt moun ki dwe resevwa li.

**B. KRITÈ POU MINÈ KI PREZANTE POU SWEN SAN KONSANTMAN RESPONSAB LEGAL YO**

**FÒM OMH 476A PATI A:** Yon minè ka resevwa sèvis sante mantal pou pasyan ekstèn, tankou yon evalyasyon nan yon pwogram CPEP, san konsantman paran yo nan yon pwogram pou pasyan ekstèn ki gen lisans oswa ki opere dapre règleman komisè sante mantal la ak lwa MHL 33.21.

Yon pratisyen sante mantal k ap pratike nan yon pwogram ki gen lisans oswa ki opere pa OMH ka bay sèvis sante mantal pou pasyan ekstèn bay yon minè san konsantman paran li si:

- minè a chèche sèvis sa yo volontèman e an tout konseans, EPI
- sèvis ki endike klinikman epi yo nesèsè pou byennèt minè a, EPI
  - yon paran oswa yon gadyen legal pa disponib nan yon fason rezonab. Yo konsidere yon paran oswa yon gadyen legal disponib yon fason rezonab si yo ka kontakte yo avèk bonjan efò. OSWA
  - mande konsantman oswa patisipasyon paran oswa gadyen legal ta gen yon efè negatif sou tretman ekstèn nan, OSWA
  - yon paran oswa yon gadyen legal refize bay konsantman sa a, epi yon doktè detèmine ke tretman an nesèsè epi li nan pi bon enterè minè a (Nan ka kote yo refize konsantman an, yon doktè dwe pran desizyon an).

**FÒM OMH 476A PATI C:** Yon minè ki gen jaj 16 an oswa plis ka chèche admisyon nan swen sikyatrik pou pasyan entèn, tankou Kabann pou Obsèvasyon Pwolonje nan pwogram CPEP, san konsantman paran yo si minè a ap chèche tretman volontèman epi direktè etablisman an dakò.

Anba Lwa MHL 33.21(e), yon minè 16 an oswa plis ki admèt nan yon lopital avèk estati minè volontè, ka bay konsantman pou medikaman psikotropik san konsantman yon paran oswa yon gadyen legal oswa yon òdonans tribinal si kritè sa yo satisfè:

- Yon paran oswa yon gadyen legal pa disponib yon fason rezonab (yo konsidere yon paran oswa yon gadyen legal kòm disponib yon fason rezonab si yo ka kontakte yo avèk bonjan efò), depi doktè k ap trete a detèmine ke minè a te gen kapasite **epi tou ke** medikaman yo nan pi bon enterè minè a, OSWA
- Mande konsantman yon paran oswa yon gadyen legal ta gen yon efè negatif sou minè a, depi doktè k ap trete a ak yon dezyèm doktè ki espesyalize nan sikyatri, epi ki pa yon anplwaye lopital la, detèmine ke (A) Efè negatif sa a ta rive; epi (B) minè a gen kapasite pou bay konsantman; epi (C) medikaman sa yo nan pi bon enterè minè a. OSWA
- Paran oswa gadyen legal la te refize bay konsantman sa a, depi doktè k ap trete a ak yon dezyèm doktè ki espesyalize nan sikyatri, epi ki pa yon anplwaye lopital la, detèmine ke (A) minè a gen kapasite pou bay konsantman; epi (B) medikaman sa yo nan pi bon enterè minè a. Yo dwe bay paran an oswa gadyen legal la yon avi sou desizyon pou administre medikaman psikotwòp dapre sou-paragraf sa a.

Yo dwe byen dokimante rezon pou eksepsyon an nan dosye klinik minè a.

### C. ADMISYON KI KONVNAB

Direktè CPEP a dwe detèmine ke moun nan gen yon maladi mantal ke swen ak tretman nan yon lopital sante mantal konvnab pou li epi tou ke moun sa a kalifye pou admisyon volontè, jan sa dekri anba a nan atik D an, pou yo kapab entène moun nan sou kondisyon volontè.

### D. KALIFIKASYON POU ADMISYON

Pou yon moun kalifye pou admisyon volontè nan yon CPEP, yo dwe avèti li, epi li dwe gen kapasite konprann sa ki annapre yo:

- ke li ap fè yon aplikasyon pou admisyon nan yon pwogram CPEP.
- nati estati pasyan volontè a ak dispozisyon ki gouvènè egzeyat oswa transfè nan yon lòt pwogram sou yon baz volontè oswa envolontè.

## II. DISPOZISYON JENERAL SOU ESTATI PASYAN VOLONTÈ

Pasyan ki sou estati pasyan volontè yo dwe resevwa yon avi alekri sou estati yo ak dwa yo nan moman admisyon an. Nan moman notifikasyon sa a, pasyan an dwe bay konsantman li alekri ke li dakò rete kòm pasyan volontè epi yo dwe kenbe yon kopi konsantman sa a.

## III. NOTIFIKASYON POU SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL KONSÈNAN ADMISYON, KONVÈSYON YON ESTATI LEGAL POU YON LÒT, AK TRANSFÈ OUBYEN EKZEYAT PASYAN AN KI GEN MWENS KE 18 AN.

Lè yon moun ki poko gen laj 18 an admèt nan nenpòt ki lopital oswa konvèti de yon estati admisyon a yon lòt, Sèvis Legal Ijyèn Mantal dwe avize sou admisyon an oswa konvèsyon nan yon delè twa jou. Avi a pral presize laj moun nan ak estati admisyon an.

Okenn pasyan volontè ki gen mwens ke 18 an ki jwenn admisyon avèk pwòp aplikasyon li dwe transfere san li pa bay konsantman li anvan, sof si yo voye yon avi alekri sou transfè yo pwopoze a bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal la omwen twa jou anvan epi Sèvis la gen opòtinite pou yo wè pasyan an epi egzamine transfè yo pwopoze a.

Okenn pasyan volontè ki gen mwens ke 18 an yo te entène avèk aplikasyon yon lòt moun te fè pou li dwe transfere san pasyan an ak paran li oswa gadyen legal li pa bay konsantman yo anvan, sof si yo voye yon avi alekri sou transfè yo pwopoze a bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal la omwen twa jou anvan epi Sèvis la gen opòtinite pou yo wè pasyan an epi egzamine transfè yo pwopoze a.

Sèvis Legal Ijyèn Mantal la ap resevwa yon avi imedya alekri konsènan egzeyat an oswa transfè nenpòt ki pasyan ki gen mwens ke 18 an.

## IV. ENFÒMASYON JENERAL

### A. SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL

Sèvis Legal Ijyèn Mantal la se yon ajans Administrasyon Tribinal Eta New York ki bay sèvis, konsèy ak asistans legal pou pwoteksyon, tankou reprezantasyon pou tout pasyan ki entène nan sant psikiyatrik. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòmè sou dwa yo konsènan ospitalizasyon ak tretman, epi yo gen dwa mande yon odyans nan tribinal, fè yon avoka reprezante yo ak chèche opinyon medikal endepandan.

Gen yon biwo Sèvis Legal Ijyèn Mantal nan anpil lopital sikyatrik. Nan lopital ki pa gen yon biwo, yon reprezantan Sèvis la vizite lopital la detanzantan ak souvan. Nenpòt pasyan oswa nenpòt moun ki aji nan non li kapab wè oswa kominike avèk yon reprezantan Sèvis la pa telefòn oswa alekri dirèkteman nan Biwo Sèvis la oswa lè yo mande yon anplwaye nan inite pasyan an fè aranjman sa yo pou li. Yo ka kontakte reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal pou lopital sa a nan:

### B. RANBOUSMAN

Pasyan an legalman responsab pou li peye pou swen yo. Lòt moun ki responsab tou se mari oswa madanm pasyan an ak nan kèk ka paran yon pasyan ki poko genyen laj 21 an. Lòt moun ki legalman responsab tou se komite a, gadyen legal, oswa ofisye yon fon fidisye ki etabli pou sipò pasyan an, oswa nenpòt ajan fidisye oswa responsab fon ki pou pasyan an. Frè yo ka anile oswa redwi lè gen yon enkapasite pou peye. Nenpòt moun ki aplike pou yon egzansyon oswa rediksyon frè dwe kolabore nan yon ankèt finansye pou detèmine kapasite yo pou yo peye.

<b>DEMANN VOLONTÈ POU ADMISYON NAN PWÒGRAM IJANS SIKYATRIK KONPLÈ (COMPREHENSIVE PSYCHIATRIC EMERGENCY PROGRAM - CPEP)</b>	Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)
	_____
	Sèks _____ Dat Nesans _____
	MRN _____
	Lokal/Etablisman _____

**PATI A – APLIKASYON POU ADMISYON VOLONTÈ NAN PWÒGRAM CPEP**

Moun ki gen 18 an oswa plis k ap aplike pou estati Pasyan CPEP Volontè a, gadyen legal moun ki poko gen 18 an, gadyen legal tribinal la nonmen pou yon moun ki gen plis pase 18 an, oswa yon minè ki satisfè kritè pou swen san konsantman gadyen legal dwe siyen Pati A a.

**ADMISYON**

Yo te enfòmè mwen epi mwen konprann nati estati Pasyan CPEP Volontè a.

Mwen menm, \_\_\_\_\_, mwen aplike pou admisyon  
(Non)

Mwen menm, \_\_\_\_\_, mwen aplike pou admisyon moun ki sou kont mwen, \_\_\_\_\_  
(Non Gadyen Legal la) (Non)

Nan \_\_\_\_\_, yon pwogram CPEP.  
(Non pwogram CPEP a)

Rezon ki fè mwen aplike pou admisyon pou tèt mwen oswa moun ki sou kont mwen an:

Siyati Moun nan OSWA Gadyen Legal li a	Dat	Lè (AM/PM)

**PATI B – KONFIMASYON DOKTÈ A**

Mwen te egzamine pasyan ki nonmen anwo a anvan admisyon epi mwen konfime:

- Ke pasyan an gen yon maladi mantal ke swen ak tretman nan yon pwogram CPEPI konvnan pou li;
- Pasyan an kalifye pou Estati Pasyan CPEP Volontè;
- Gen bon rezon pou espere swen ak tretman CPEP ka amelyore kondisyon pasyan an oswa omwen anpeche deteryorasyon pasyan an.
- Nan ka yon minè k ap chèche admisyon endepandaman de paran li oswa gadyen legal li epi paran an oswa gadyen legal la refize bay konsantman sa a: tretman sa a nesèsè epi li nan pi bon enterè minè a.

Siyati Doktè a	Dat	Lè (AM/PM)

<b>DEMANN VOLONTÈ POU ADMISYON NAN PWÒGRAM IJANS SIKYATRIK KONPLÈ (COMPREHENSIVE PSYCHIATRIC EMERGENCY PROGRAM - CPEP)</b>	Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)
	_____
	Sèks _____ Dat Nesans _____
	MRN _____
	Lokal/Etablisman _____

**PATI C – EGZAMEN POU KONFIME NESESITE POU ADMISYON VOLONTÈ KI DEPASE 24 ÈDTAN NAN YON KABANN POU OBSÈVASYON PWOLONJE (EOB)**

**Enstriksyon:** Se yon doktè, apa de doktè ki admèt pasyan an, ki se yon manm pèsònèl sikyatrik la, ki dwe ranpli pati sa a nan yon delè 24 èdtan apre yo fin resevwa pasyan an nan sal dijans CPEP a. Si moun k ap aplike pou admisyon nan obsèvasyon pwolonje EOB nan CPEP a anba Eitati Pasyan Volontè a gen 16 ou 17 an epi li prezante pou swen san konsantman gadyen legal li, asire w ke kritè ki dekri nan Seksyon I.B pi wo a satisfè.

Tanpri remake: Okenn pasyan pa ka rete nan CPEP a pou plis pase 24 èdtan san yo pa mete l nan yon kabann pou obsèvasyon pwolonje.

Siyati Moun nan oswa Gadyen Legal li a	Dat	Lè (AM/PM)

Mwen te pèsònèlman obsève epi egzamine \_\_\_\_\_  
(Non)

Baze sou egzamen sa a ak istorik ka a, mwen konfime ke pasyan an ka gen yon maladi mantal ke swen ak tretman imedya nan yon kabann obsèvasyon pwolonje CPEP apwopriye pou li, deklarasyon ak enfòmasyon ki nan dokiman sa a se verite nan limit konesans ak kwayans mwen.

Mwen anplwaye nan ekip sikyatrik \_\_\_\_\_  
(Non CPEP a)

Siyati Sikyat la	Dat	Lè (AM/PM)